- Жима а ма вацара хьо, хьайна соьга хьехарш дайттал. Цкъа цхьанхьара цхьа х1ума ядаяйта. Масала, я уьстаг1, я бежана. Я йол йохкийта, айхьа аьтту а нисбеш. Т1аккха карахь ма ву хьуна иза. Хьо шех ийзалой хаахь-м, иза боккъалла а гена вер вац!

- Цуьнгара-м тамаша бу иштаниг далахь.

- Х1ун хилла-а? Иштаниг дер да-ац? Хьуна ма воккха коммунист тарвели цуьнах! Гай долуш вац иза?

- Ву иза-м партехь. Гай долуш а ву.

- Вайшиъ вац ткъа партехь?!!

- Ткъа х1ун де ас? Вен йиш юй сан иза, ц1ена вара аьлла?

- Ггаре а ц1ена ву ша бохуш верг вайн заманчохь уггаре а дукха езаш верг ву хьуна! Гарехь, 1овдал вац и хьан бригадир. Алссам езаш ву. Я хьалавала г1ерта, т1аккха шена дуккха а хир йолу дела. Доцца аьлча, иза х1инццехьа новкъара д1аваккха г1айг1а ца бахь, т1ьхьа бале вер ву хьуна иза. Урхаллин начальник а вац хьан хьаша? Райкомернаш а ма бу вайн доттаг1ий. Цхьанхьа кхечунхьа балха ваккхийта мезиг.

- Шен бала боцчу г1ерташ вацахьара специалист-м диканиг хила мегаш а вара цуьнах.

- Кхечух кхин а диканиг хир ву хьуна. Шен г1уллакх а хуун дерг, ша лелон мегар дерг а хуург дика вац хьуна?

- Вара, къур1анор, иштганиг хилча-м!

- Хир ву. Х1ара вайн чуьра воккхаха верг а ву вайн республикерчу министерствон распоряжени схьахьажийна. Хьой, и хьан хьаькаммий хьажахь, ц1ехьа схаверза атту хила мегаркха цуьнан.

- Дела дуьхьа, ма бакъ лоьра хьо! Со-м иза цхьанхьа кхечу бахаме д1ахьажийна хир ву моьттуш вара хьуна. Со-м кху керта вог1уш а ма веара, цунах дерг а хоттур айса аьлла...

- Веанехь, хоттур дара ахь, со 1аххалц а ца 1аш. Иштта долчу х1уманна г1айг1а беш лелаш да товш вацара. Гергарнаш товш бара. Паккха осал ца хуьлура иза нахана гергахь а. Цул сов, вай вешан сий дой хиъча бен дийр дац вайн сии наха а.

- Дера, иза нийса-м ду. Цунах цхьа стаг хилахь, вайн ву-кха иза! Ца хилахь, т1аккха а вайн кочахь ву-кха. Цунна меттиг яккха г1айг1а-м ас бийр бу хьуна.

Цхьа ши шо хьалха наха алссам аьрзнаш а дина, Къосум бал-хара д1аваккха хьовзийнера. Эццигахь дика г1о лецира Хансолтас. Х1етахь дуьйна Къосумна ша Хансолтийна декхарехь хетара. Цундела Хансолтас кхуьнга ша олуш дерг а эвххьаза олура, х1ара иза ца дича ца волий шена хуу дела.

Даккхийчу, еттинчу кибарчигех динчу ц1еношна хьалха 1уьл-лучу кухни чу эккхаш, ара эккхаш кху шиммо х1ун дуьйцу-техь, бохуш, лерташ ирдина лелара Хансолтин х1усамнана Курсет. Цхьа хан яьлча, хиъна 1ачу шинна хьалха 1уьллучу стоьлана т1е шар-шу яржийра цо. Кухни чуьра схьа кхорзучу жижиган хьожа еара.

- Хьамиде х1умма а ала оьший ас? — хаьттира Хансолтас.

- Х1ун «х1ума?» — ца кхийтира Къосум.

Оцу к1антах лаьцна. Хьан иза балха х1оттон аьтту хир ба цахь, ас бага жим-т1ама х1ума а кхоьссина, Хьамиде цхьанхьа д1а-нисвойтур ву иза-м. Вуьшта, шен юьртахь дерг атта даракха.

— Ца оьшу. Цкъа х1умма а ма леладе ахь. Цхьанхьа дГанисва хьожур ву со.

— Вала-алай, Коля ма переживать дойту-кха тхоьга оцу к1анта! — юкъаиккхира Курсет. — Ма ц1а вернуть ван везаш вара-кха иза. Цкъа доладо, ша цигахь, Москвахь аспирант хила воллу олий, что ему городская жизнь больше нравиться до. Хьуо волчу устроить вехьа иза боккъалла а. И вайн первый секретарь бохург, Хьамид а ву хьуна кху стага аьллачунна т1ех вер воцуш.

— Хьада ялол, хьайн юург кечъел ахь, хьайн бала боцчу а ца Нерташ, — т1ечевхха сурт х1оттийра Хансолтас.

— Бу дера сан-м бала. Есть у меня тоже бала! — сетташ, халла ког боккхуш, юха а кухни чу яхара Курсет. Иоккха хан ялале, ялг1у а дахьаш, юхаеара: — Коля, хьо балхара снять а вайтина, председатель хила воллу ша, бохуш, слухаш пускать деш ву ма боху цхьа модаша бригадир.

— Бохий-ц?! — ца вашарца, оьг1азе велакъежира Къосум. — Бахахь, хир вай цунах-м председатель а.

— Хаац, ша шайн мезий доьхкина ца хилахь-м, хир моьттуш яц со. Ишттанаш вообще оьшуш а бацара принимать на работу... Яийша, ма шелъялийтийша, чай дохьу шуьшинна, я хорбаз будете кушать?

— Чай, хорбаззий тГаьхьа яхьар ахь. Оцу холодильника чохь к1айниг дуй хьажал. Шийло ю кху арахь-м, — вистхилира Курсе-тан ц1ийнда.

Къаьркъано мотт баьстинера шина къонахчун.

— Хьаша веаний хьо волчу кесталг1а? — хаьттира Хансолтас Къосуме.

- Муьлхарниг, обкомерниг, я министерстве-раниг?

— Министерстверниг, обкомерниг-м башха тешаме а вацара хьан. Цхьаъ 1отталахь, куьг а ластийна, юьстаха вер волуш ву, шена х1умма а ца хаьа, аьлла. Министерстверниг д1а ма херве ахь. Иза ларва везаш стаг ву. Жижиг, даьтта х1ума йохьуьйтуш х1ума дой ахь цунна?

- Йохьуьйту, дера-кх. Аьхка цунна т1аьхьа Соче а ваханера.

- Реза хилирий х1ара, хьо т1аьхьавеана?

- Хаац. Цхьаъ гергга сом-ком а йитира ас цуьнан номера чохь.

- Сица дала кхарна! Ма «тоьар ду» эр дацара, д1а мел дели а.

Шина къонахчо дуьйцург цхьа а дош а шен лергана т1ех далар-на кхоьруш, кога буьхьгаш т1ехь лелара кухни чу йолуш, ара йо-луш лела Курсет. Цуьнан коьрта чохь карзахъяьллера цхьа ойла: «Ванах, х1оккхул таро а, доьналла а, лакх-лакххахь гергарлонаш а долуш волу ши къонаха х1унда 1а шаьшшиннан дош кагдинарг кхоьссина д1а ца воккхуш, ластийна юьстах ца кхуссуш?.. Ибрах1им бохург х1ун ю, мера1уьрг, пис?!!»

— Ванах, вайн Ширванис яьккхина академи на много выше яц оцу Ибрах1им бохучо яьккхинчул? — шуьн чохь хорбаз а яхьаш, улло еара Курсет.

- Ю дер. Дера ю, — элира Къосума.

— Вайн луларчу районера цхьа йо1 а ю боху иза везавелла. Иза мила ю хаьий хьуна, стаг?

- Мила ю? — хаьттира Хансолтас.

— Г1аларчу Децаг1ера к1анте ца еана бохуш, вайга йийцинарг ю-кха, Лайса бохуш...

— Дера, оцу боьхачу х1умане йодахь-м г1уллакх толо хьуна цуьнан, — къежира Къосум. — Х1ан, ма вийцал, витал иза. Шир-вани-м д1анисвийр вара вай цхьанхьа, мичча нисвина а.

— Хьада д1аяло, хьайн г1уллакхе хьажа! — т1ечевхха сурт х1от-1 тийра Хансолтас юха а.

Кухни чу яханчу Курсета ойла йира. «Дика ду, со д1а-м ер ю. Амма ас дан деззарг-м дийр ду...!»

— Шийла ю х1инца суьйренаш. Чуг1о вайшиъ? — хаьттира Хансолтас.

— Х1ан-х1а. Д1авахана, д1авижа воллу со. Дика ду-кха и хьуна баьхкинарш кхин башха зензулам ца доккхуш, д1абахана,

— хьа-лаайвелира Къосум.

— Д1аг1о, делахь. Оцу к1ентан г1уллакх ца дицдер-кха ахьа, — хьалаг1аьттина, Къосум д1авахийта, т1аьхьах1оьттира Хансолта.

— Ой, Коля! Вала-алай, сан чай а ма ду схьадаьлла. Чай а ма-лий г1охьа, что ты так торопишься? — т1аьхьаелира Курсет а.

— Поза молийла. Д1авоьду со. 1адика йойла! — кел арахьа велира председатель.

Бода къовлабеллера. Бессачу, нагтахь болчу б1ог1амна т1ехь бен чиркх ца богучу урамехула хьалавог1ура Къосум. Ойланаш йора: «Ванах, х1охкарна а новкъа веана-кха и Ибрах1им. Наха вий-ца ваьккхина ма хилла иза-м. Х1инца-м наха, со ца везачара, вуь-тур вацара иза».

Шен ницкъ ма-ббу дуьхьалволий, шена хьесталур волу стаг бен балха ца оьцура председателе.

Лерина къастадора жоьпаллин балха вог1учу стеган тайпа-тукхам. Шена улло валош верг, я шен тайпанах, я шен ненахойх, я шен захалех верг бен ца валон г1оьртара. Шена мичча а мотт хьокху болу, ц1уьх1ар тайпа стаг а воккхура улло.

Т1аьхь-т1аьхьа кхин цхьа х1ума а карадирзинера председа-тельна: юьртбахамца г1уллакх догГуш воцу а, мичча кхечу балха стаг х1уттучу г1уллакхна юкъа а гГертара, шена бохкабеллачу хье-шашна тГе цхьацца харц некъаш а кхоьхьуш. Шен колхозана юкъа йог1учу ярташкара цхьа а стаг лаккхарчу г1уллакхе ваха ца лаьа-ра председательна. Цунах шен мостайа тарлора. Амма, жимма а шел лакха ваьллачунна хьеставала х1уттура. Цуьнга гергарло хьа-хадора.

Амма цу г1уллакхаша, ша бечу балхал а сов к1адвинера, х1от-тийнера Къосум. Дерриге а ца нислора цо ма-боххура а, цунна ма-луъура а. Нахана гучу ца довлуш ца дисира Къосума балха т1ехь лелон бозбуанчаллаш. «Ванах, со д1авалахь, сан т1аьхьенна а не1алт бохур ду-кха кху наха», — ойла йора цо.

Ма-дарра аьлча, цкъа тахана башха холчах1оьттина хьийза бахьана дацара Къосуман. Хьаькамашца (массаьрца бацахь а) барт бара. Амма Къосумна шерра хаьара, шен ц1е йоккхуьйтург а, шех нах ийзаболуьйтург а х1ун ду. Иза дара хьарам гулдина ри-цкъа. Шен дукхахболу доттаг1ий а — шен кисанан доттаг1ий буй хьаьара председательна. «Шайн дена не1алт хилахьара кху нехан-м. Х1орш-м, сан ког галболучу далахь, берриш а юьстах лелхар бо-луш бара, уггаре а хьалха суна мотт хьоькхуш леларш а лелхаш. Сайн дуьхьа ваха веза. Т1етаь11ина, карайог1ург схьаяккха еза... И Ибрах1им боху мера1уьрг а, хьажахь! Ванах, х1ун еза техь цун¬на, боккъала а? Иза-х ас хьаьстина, къежина, сайн к1ант санна т1еэцнера. Х1ун ю х1инца цо лелориг? Х1ун хьашт долуш лела? Цхьамма ирах1иттош хир ву. Ву дер!

Меллачу къаьркъано хьалха самукъа доккхура Къосуман. Хьалха могашалла яра. Къоналла яра. Дог дог1ура. Воккхавера шен балхах а, шен таронах а. Х1инца, х1ундда делахь а, къаьркъа мелча а, самукъа даларан меттана, дог духура. Шена х1ун ду а ца хууш, кхоьрура т1ейог1учу къаналлех, шегара болх д1абаьлла, ша цхьаъ вуьсу волчу дийнах. Даго хьоьхура, къанвелча цхьаммо а сий дийр дац-кх шен, бохург.

Ша масийтта шарахь болх беш юьртана оьшу цхьа а г1ишло ца яйтинера председатела. Ч1ог1а ледара дара некъаш тодар, хиш далор. Цхьа а т1ай а ца тиллинера. Наг-гахь т1екхеттачун метта йоцург, кхин производствон г1ишло а ца яйтинера. Х1етте а, къайллах шифер, цемент, уй, кибарчигаш кхи-йолу г1ишлош ен материалаш мел йохкийтина. Хьанна йохкийтина? Нахана йохкийтина. Ткъа и нах берриш а дийна ма бу! Церан шайн хьацарш эхьар а мерах дер ма ду суна... Нах 1овдал ма бац, шайн дена не1алт хиларш! Уьш байа йиш ма яц. Ша лийр ву нахана кураллаш ян, нахе харц лен воьлларг...

Стоп! Лийр ву? Сой? И х1ун ю тховса суна коьрте оьхурш? Со-х кху нахана т1е а хиъна 1аш ву. Сан дош кагдан, сан г1уллакх дохон мила ву кхарна, мезигаш-на, юкъахь? Суна мотт хьоькхуш лела заддаш! Дозалла хета кхар-на-х ас шайга сайна мотт хьекхийтича а!

Аддаме а вист а ца хуьлуш, чувахана, юрг1анна к1ел а воьлла, д1авижира Къосум.

**

Ша дипломана язбина хилла болх схьа а лехна, тайп-тайпана книгаш а, журналаш а т1ек1ал а диттина, тховсалера суьйре цхьацца х1уманаш карладохуш яйа догхилла воллура шен ц1а охьавеана Ибрах1им.

Учахь цхьаннан когийн татанаш девлира. Ибрах1имна хиира иза шайн доьзалха стаг воций: кхуо дехнера ша тховса хьe цавар.

— Оссоло-о-ом 1алайкум! Дика мел дерш кху чу! — мохь туьйхира чоьхьаваьллачу Сайд-Мохьмада.

— Ва 1алайкум салам! Мохь а ца бетташ, волахьа, ахь-м лергийн поттарчий лоьлхуьйтур ма ю!

— Х1умма а хир дацара хьан лергашна-м. Лелхийтахь а, тодийр ду вай.

- Къосуман ши дог санна, бохий ахь?

- Хьа-хьа-хьа!.. — велавелла, г1адвахара Сайд-Мохьмад.

— Валлах1, ца моьттура суна, ахь цунна и дийр ду. Делор, вара со ахь забар йо моьттуш. Боккъалла а аьлча, ас дойтур дацара хьоьга иза...

- Х1ун?

— Иза больнице охьавижор. Нийса ма дац иза цхьана а аг1ор а. Лоьрийн дуй бицбеллера хьуна?

— Вуй! Хьо хьуо вацара иза цхьана к1иранна новкъара д1аваьлла велара, баьхнарг?

- Велахь а, нийса а, хаза а ма дацара иза...

— Шек а ма вала хьо, доттаг1а. Ас айса а лелор дацара цунна харц дарбанаш, я цуьнан могашаллийна зен хир долу х1ума, ахь леладе баьхча а! Цуьна-м гипертония ма ю. Ас профилактикийна вижийна ма вара иза охьа. Ши дог ду-м, ас иза охьа ца вуьжуш, дуьхьалвалахь а аьлла, элира цуьнга. Шоллаг1чу дийнахь тевира ас, иза цхьаъ бен дац аьлла. Цул сов, дика дарба а лелийна ара а валийтира. Так что, вайшиъ юьхь1аьржа х1отта оьшуш х1умма а дац хьуна.

- Дика ду, иштта делахь-м. Суна-м дикка вас хиллера оцунах.

— Доттаг1а, д1аяхал кху стоьл т1ера и книжкаш. Схьаэцал шахматаш. Сан цхьа къамел а ду хьоьга дан дезаш, — гоьл т1е ког а баьккхина, диван т1е д1атаь1ира Сайд-Мохьмад.

— Х1ун къамел ду иза? — шахматаш схьаэца, шкафана улло вахара Ибрах1им.

— Хьан нанас Сепета цхьа бала а балхийна суна. Вуьшта, сайна цхьа х1ума дага а деана суна

- Х1ун ду иза дан мукъане а?

— Иза дера ду хьан ерриге а г1айг1анаш а, берриге а баланаш а элп алале д1абевн болу х1ума.

— Вуй! Ахь схьадийцарехь, со вен доллу-кха шуьшиъ.

— Х1унда?

— Муха «х1унда»? Веллачу стеган бен бовлий берриге а баланаш а, г1айг1анаш а д1а?

— Харцахьа ма даккхал ахь, доттаг1а. Ас х1инца аьндерг хьайна хиъча, т1емаш девр дара хьуна!

— Дийций валал, т1аккха. Иза-м тамашийна х1ума хила герга ма ду.

— Ладог1ал, делахь. Дийцаза дер дац хьоьга иза. Вайн райбольнице кхушара Астраханера медицински институт чекх а яьккхина, цхьа йо1 еана, хазалла «ткъарш-ш» аьлла, эккха йоллуш. Кегийчу наха яла а, йола а юьтуш а яц, шегийшегий йола бохуш. Ц1е мел тамашийна ю — Лолита! Ткъа доллучул а коьртаниг — хаал х1ун ду?

— Хаац суна-м, ша дашон варкъ даьккхана яцахь, кхин ахь иза хастош ала дисина х1ума-м дац.

- Ду.

- Х1ун ду?

— Вайн районан юьртабахаман управлении начальникан Висайт Хумидовичан цхьаъ бен йоцу йо1 ю-кха иза!

— А-а, кхийти. Со стунден т1ома к1ел воллар ду-кха ахь «ер-риге а г1айг1анаш а, баланаш а д1адевр ду» бохург?

- И-мен-нно!

- Цхьана х1уманан ойла йиний ахь?

- Стенан?

- Иза г1аз санна 1овдал хилахь, х1ун дан деза?

- Вуй, 1овдал муха хуьлу институт а яьккхина, ц1а еана йо1?

- Хьо ца хууш ву цхьаболчара и институташ муха йоху?

- Иза-м бакъ ду. Деша хала дуй, аьлла, шега хаьттича, хала-м дацара, механа деза дукха, — аьлла боху-кха вайн мацах хиллачу хьалхарчу секретаран к1анта а. Делахь а, хаа таро ма ю йо1 хьекъалца муха ю. Ас цхьа масал даладе хьуна?

- Даладел.

- Мацах, 1едал даккхале хилла иза. Мехкадаьтта вайн мах-кахь гучудаьлла хан хилла. Нахера йоррах латтанаш схьа а оьцуш, уьш 1аламат деза Чармоевг1арна д1а а духкуш, инзаре дукха рицкъа гулделла стаг хилла Бух1ан юьртахь 1аш, Обубакар ц1е а йолуш. Цхьаъ бен воцу к1ант хилла цу Обубакаран. Дукха къа-хьоьгуш хилла цуьнан гергарчара а, уллорчара а цунна далон нускал ца карош.

Цхьана юккъехь хезна царна, Атаг1ахь цхьа исбаьхьа хаза, кхеташ, оьзда йо1 ю аьлла. 1аьрбинн махкахь дешначу ц1е йоккхучу стеган йо1 а хилла иза, ч1ог1а бусалбанан ойланехь кхиийна.

Вахана т1аккха Обубакаран кура к1ант, ши пайтон а йоьжна.

- Шиъ х1унда йоьжна кхара? — хаьттира Ибрах1има.

- Вуй! Куралла йоьжна-кха! Вог1уш волу к1ант мила ву хаийта! Ши пайтон кет1ахь а сацийна, шайн хьешийн х1усаме а воьссина, йо1 схьакхайкхийтина шина къонахчо.

Чоьхьаяьлла, маршалла а хаьттина, сонне д1ах1оьттина йо1. Назбарш т1е д1а а гаь1на, куралла ворта сатто а ца вешаш, 1аш хилла к1ант. Йо1аца къамел дан волавелларг а цуьнан накъост хилла. Важа-м вистхила вешаш а ца хилла.

— Йо1, тхойшиъ ишта а, вуьшта а веана а ву, инзаре доккхачу хьола т1ера веана а ву, х1инца оцу д1ога 1ачу накъостана дига нускал ца карош лелаш а ву. Нагахь ас деллачу хаттаршна хьуна жоп дала хаахь, хьо оха йига а мега, — аьлла, къамел дина к1ант-стеган накъоста.

— Х1ун дер, ткъа. Къахьегна-кха ашшимма, со бахьанехь. Жоп а лур ду ас-м сайга хаьттинчунна, сайна хуург, — аьлла йо1а.

— Дика ду, делахь. Шийтта х1ун ду? — хаьттина курачун накъоста.

— Хаац суна-м, шеран шийтта бутт бацахь, — аьлла йо1а.

— Нийса ду. Ткъа пхиъ х1ун ду?

— Пхиъ — вайна дала диллина долу пхи ламаз хилар герга ду.

— Исс х1ун ду?

— Исс дуьне ду олуш хезна-кха суна.

— Ворх1 х1ун ду?

— К1иранан ворх1 де хила мега-кха иза.

— Азаллей, абадей бохург х1ун ду?

— Заманан шина а аг1ор йистйоцу барам бу аьлла хезна-кха суна иза сайн дегара...

— Шиъ х1ун ду?

— Дей, буьйсий. Харцой, бакъой. йовхой, шелой. К1айн, 1аьр-жий. Дахаррий, валаррий. Дуьненан йист, кхачо йоцу къийсам, дол-лучу дуьненчу кхоьллинчу х1уманан ши аг1о ю аьлла хета-кх суна шиъ.

— Дика ду делахь. Цхьаъ х1ун ду? — Наьхьхьара а хаьттина йоь1ан хьекъал зуьйш волчо.

Пеххьа хан ялийтина йо1а жоп ца луш. Т1аьххьаре а аьлла:

— Суна-м хаац цхьаъ х1ун ду, ша оцу д1огахь аркъал ваьлла 1ачу оцу хьан накъостан ц1ога дацахь.

Вагийча санна хьалаиккхина, д1асахьаьвзина ши накъост. Бийлаоан г1уг1 хьаьдда не1арехь оцу къамелашка ладоьг1уш лаьттачу нахана юкъахь. Юьхь1аьржа х1оьттина шиъ сихха, шаьш-шиннан ши пайтон а хаьхкина, д1авахана. Йоллучу а Нохч-Пал-г1айчухула д1асадаьржина АтагГарчу йо1а делла жоп. И жоп хаза хеттачара йо1ана совг1атна ахчанаш тийса долийна.

Цхьа шо даьллачу хенахь цу йо1а кехат яздира боху шена веана хиллачу к1анте:

«Хьан ден хьал-м мехкадаьтта доккху латтанаш дихкина хьа-ладаьллера. Шуна цунах дала беркат дойла. Тамашийна х1ума цхьа кхин ду — сох а хуьлуш лаьтта хьалдолуш йо1, и хьан ц1ога беркате даьлла...»

Хьанна хаьа, иштта хьекъал долуш хила а мегий Лолита-м. Вайшиъ а г1ур ву-кх цунна экзамен х1отто...

- Г1ур дац вай цхьадерш-м.

- Х1унда?

— И йо1 дика а, хаза а, хьекъал долуш йо1 а хила мега. Сан цунна ала х1ума дац. Иза г1оза ехийла. Вуьшта, иза Висайт Хумидовиче со маре воьдуш санна х1ума хуьлу цунах. Со цкъа а вайнна вац стунцахойн дикане сатуьйсучу невцарийх. И захалу ца дер вай, доттаг1а!

— Осто-опирулах1! Кхоччуш 1овдал стаг вукх хьо стаг. Айхьа и захалу дича Къосуман а, хьуо мел ца везачеран а догдаьтЛа, букъ каглур буй ца хаьа хьуна?

- Къосумг1арна-м хазахетар дара ас и захалу дича.

- Х1унда?

— Муха «х1унда»? Ца кхета хьо? Со церан стаг ма хуьлу, ца-рех д1акхетча.

— Хилча хир вара-кха. Атта вехар вара-кха, х1уманна а бала а боцуш.

— Хьо боккъалла а луьйш вуй? Ахь ойла ян а йой айхьа дуьй-цучун? — леррина Сайд-Мохьмадан б1аьргаш чу хьаьжира Ибрах1им.

— Хаац суна-м. Хьайна луъург дехьа. Со-м хьан ненан Сепетан дуьхьа а г1ертара. Цуьнга а йийцинчух тера ду и йо1 цхьамма.

— Хаьа суна, дена-нанна шайн бер мелла а к1езиг халонаш, г1айг1анаш йолуш даха лаьий. Ткъа суна дийнахь а, буса а дуьхьа-лара ца йовлу мацах т1ом балале масех район лаьттина, х1инца яссаелла меттигаш. Замано 1арждина х1ора чурт, маьлхан каш, б1ов сайга кхойкхуш санна хета. Уьш-м вайн уггаре а исторически меттигаш яй. Вайн къам кхолладелла ага дай иза-м. Муха юьтур ю и меттигаш, сил сий дайина?!

Хьуна ма-мотталахь, со бригадир бен вац. Бригадиран боллучул бен сан ницкъ бац. Сан-м кхана 1уьйрре 1илманан белхахо хила таро яй. Хаза а хеташ д1аоьцур ву со Орджоникидзехь аспирантуре. Ерриге а советски а, бахамал-лин а, партийни а органаш меттах а яха таро хир ю, цкъа экономически лерамаш а беш, сайн 1илманан болх язбина ваьлча.

Кхетал хьо, доттаг1а, хьалхе ма ду суна сайн ген бен г1айг1а а йоцуш, лела. Оцу лаьмний-м кхин да ваций, вайшиъ а, вайшиъ саннарг а бен. Пала охьа а хевшина, цхьа Багдарянаг1ар бу цу доллучух а кхеташ. Амма дог ца лозу. Церан х1унда лаза деза дог вайн исторически кхерчах, вайн духовный хьолах, вайн вешан а ца лезча? Ткъа къуддузаг1еранний, иза санна болчераннний психологи муха ю-х вайна хууш ду. Со дагахь вац хьуна цханний а ден а букъа т1ехьа лечкъа а, цхьаний дех кхера а бакъдолчунна т1ехь!

Далла хастам бу, и бакъонан некъ нийсса оцу Москва чуьра схьа-бог1уш болуш. Ваха меттиг ю, ца хуьлчу даьлча... Сайд-Мохьмад дуьхьал вист ца хуьлура.

— Тамашийна х1ума а ду хьо цу доллучух а цакхетар! Хойбахара цхьа хьехархо йо1-м ма кхета цу доллучух а, вайшиннал а дика!

— А-а! Кхета боху ахь? Х1ета, йолуш ю-кх вайщинна Хойбахахь цхьа ламаро? — къежира лор.

— Ламаро яц. Вайн луларчу районера ю. Х1ан, дуьтур вай-шимма иза. Кхин ахь соьга а ма хетта, ас хьоьга а дуьйцур дац. Зшначохь, ас накъосталла доьхур ду хьоьга. Дика дуй?

- Дика ду, х1ета, — реза хилира Сайд-Мохьмад. Ибрах1им шахматийн фигураш д1асах1итто волавелира.

Кхин т1аьхье хир йу

Сайд - Хамзат Нунуев

ГБУ «ШЕЛКОВСКАЯ ЦРБ» СООБЩАЕТ

С 27 НОЯБРЯ ПО 3 ДЕКАБРЯ 2023 ГОДА – НЕДЕЛЯ БОРЬБЫ СО СПИДОМ И ИНФОРМИРОВАНИЯ О ВЕНЕРИЧЕСКИХ ЗАБОЛЕВАНИЯХ

С 27 ноября по 3 декабря проводилась Неделя борьбы со СПИДом и информирования о венерических заболеваниях – в честь Всемирного дня борьбы со СПИДом – 1 декабря.

Противодействие распространению ВИЧ-инфекции в нашей стране входит в число государственных приоритетов. Несмотря на прогресс в борьбе с этим социально-значимым заболеванием вылечить его по сей день невозможно. К сожалению, нет и вакцины. ВИЧ-инфекция остается хроническим пожизненным заболеванием, при котором поддержать здоровье и сохранить жизнь можно только с помощью лекарств (антиретровирусная терапия).

По последним данным Всемирной организации здравоохранения, к 2023 году число людей, живущих с ВИЧ по всему миру, достигло 38 миллионов. Несмотря на проводимые глобальные усилия по преодолению ВИЧ/СПИДа, число новых заражений остается очень высоким. В 2023 году было зарегистрировано около 1,7 миллиона новых случаев заражения ВИЧ.

И это вызывает серьезное беспокойство мирового сообщества.

В Российской Федерации, по состоянию на 30 июня 2023 года, общее количество зарегистрированных случаев ВИЧ-инфекции среди граждан РФ составило 1 664 149 человек, из них 475 150 (28,6%) – умерли, на этот период проживало с диагнозом «ВИЧ-инфекция» 1 188 999 человек.

Единственный способ борьбы со СПИДом – профилактика и поддержание своего организма. Необходимо точно знать свой ВИЧ-статус, чтобы, в случае выявления вируса в организме, вовремя начать лечение, не доводя до смертельных последствий. Ведь многие ВИЧ-инфицированные люди живут долгие годы и рожают здоровых детей.



Р.Р.Бибиева,
врач медицинской профилактики

ТЕРРИТОРИАЛЬНЫЙ ОТДЕЛ УПРАВЛЕНИЯ РОСПОТРЕБНАДЗОРА ПО ЧР В Г. АРГУН СООБЩАЕТ

"О ПРОФИЛАКТИКЕ БОТУЛИЗМА"

В период активной заготовки домашних консервов и продуктов Роспотребнадзор напоминает, что ботулизм – тяжелое заболевание, поражающее центральную нервную систему, и при несвоевременном обращении за помощью, заканчивается летальным исходом. В среднем каждый год от ботулизма страдает около 200 человек. В I полугодии 2020 года от ботулизма пострадало 60 человек, из них с 6 летальным исходом (10%).

При приготовлении домашней консервации необходимо помнить, что именно домашние заготовки чаще всего бывают причиной смертельно-опасного заболевания – ботулизма. Возбудители ботулизма живут только при отсутствии доступа кислорода. Именно поэтому ботулизмом часто заболевают после употребления герметически закрытых консервов, солений и копчений домашнего производства, где в толщу продукта не проникает воздух, и создаются благоприятные условия для сохранения возбудителя болезни. При этом внешний вид, вкус и запах продуктов не изменяется, иногда, и совсем не обязательно, может отмечаться вздутие консервных банок.

Споры ботулизма широко распространены в природе: их постоянно находят в воде, особенно в придонных слоях, почве, откуда они и попадают в продукты, подвергающиеся консервированию и переработке.

Помните:

1. Нельзя покупать на рынке и у случайных лиц продукты домашнего консервирования в герметически закрытых банках. Зачастую продукты для продажи готовят, обрабатывают и хранят без соблюдения правил гигиены и температурного режима.

2. Нельзя покупать у случайных лиц продукты домашнего копчения: крупные окорока, рыбу – особенно опасен толстолобик и другие рыбы, обитающие в придонных слоях воды. Из кишечника рыбы, при ее неправильной обработке, споры легко проникают в толщу мышц.

3. Нельзя в домашних условиях готовить консервы в герметически закрытых банках из грибов, мяса, рыбы, моркови, свеклы, портулака и укропа. Эти продукты трудно отмыть от мелких частичек почвы и спор возбудителей ботулизма.

4. Нельзя консервировать продукты с признаками порчи и гнили.

5. Нельзя нарушать общепринятую технологию приготовления: уменьшать количество соли, уксуса, сокращать время тепловой обработки.

6. Нельзя употреблять в пищу консервы из вздувшихся банок.

Важно!

1. Храните домашние консервы только в холодильнике или в погребе.

2. Перед употреблением в пищу консервы, приготовленные из опасных продуктов, подвергайте достаточной, в течение 15-20 минут, температурной обработке. Кипячение разрушит токсин, если он образовался в консервах. К ботулиническому токсину особенно чувствительны дети. Им можно давать консервы домашнего приготовления только после предварительной тепловой обработки.

Если после употребления домашних консервов или копченой продукции вы почувствовали себя плохо, немедленно обратитесь к врачу и обязательно сообщите, что вы употребляли в пищу консервы. Банку с остатками консервов, оставшуюся рыбу или окорок не выбрасывайте – их необходимо отправить на лабораторное исследование. Это поможет быстрее выявить источник, поставить диагноз и начать правильное лечение.

Соблюдайте эти простые правила и будьте здоровы!

Х.А. Лечиев,
начальник территориального отдела
Управления Роспотребнадзора по ЧР в г.Аргун

НАЦИОНАЛЬНЫЕ ПРОЕКТЫ РОССИИ

ФЛАЕР «БИБЛИОТЕКА – НАШ ДОМ»

27 ноября 2023 года в Каргалинской модельной библиотеке Шелковского муниципального района, созданной в рамках национального проекта «Культура», прошел флаер «Библиотека – наш дом», с волонтёрами культуры.

Флаер – это небольшая информативная листовка, часто выполненная в ярких сочных красках. Используют флаеры в основном как раздаточный материал в различных рекламных и промоакциях. Нередко флаер является своеобразным бесплатным пропуском, приглашением или даже входным билетом на какое-либо мероприятие. И в отличие от приглашений, обычно персонализированных, флаером может воспользоваться любой человек.

В рамках мероприятия «Библиотека – наш дом» было проведено множество интересных и познавательных мероприятий.

Одним из главных событий стал мастер-класс по скорочтению, который провел известный специалист в этой области М.У. Таймасхаов. Участники мастер-класса узнали о техниках, которые позволяют значительно увеличить скорость чтения, сохраняя при этом понимание прочитанного.

Также на мероприятии был организован мини-семинар на тему «История книги и книгопечатания». Участники семинара узнали о том, как появились первые книги, как они изменялись со временем, и как развивалось книгопечатание.

Кроме того, для детей был проведен конкурс рисунков на тему «Моя любимая книга». Дети с удовольствием рисовали свои любимые произведения, а затем их работы были выставлены на выставке.

Важной частью мероприятия стала презентация новых книг, которые только что поступили в библиотеку. Авторы этих книг рассказали о своих произведениях и ответили на вопросы читателей.

В целом, мероприятие «Библиотека – наш дом» стало отличным поводом для того, чтобы привлечь внимание людей к чтению и библиотеке. Оно помогло многим людям открыть для себя новые горизонты и найти новые увлечения.

Аэлита Шахгиреева,
Министерство культуры Чеченской Республики

УЧЕНИКИ ГРОЗНЕНСКОЙ ШКОЛЫ ПРИНЯЛИ УЧАСТИЕ В РЕСПУБЛИКАНСКИХ ПАТРИОТИЧЕСКИХ ИГРАХ

В рамках реализации федерального проекта «Патриотическое воспитание» национального проекта «Образование», а также в рамках реализации плана работы воспитания подрастающего поколения, ученики МБОУ «СОШ № 42» г. Грозного приняли участие в Республиканских военно-патриотических играх «Юные патриоты» в Шелковском районе Чеченской Республики.

В течение трех дней 5 ребят, учеников МБОУ «СОШ № 42» г. Грозного проходили различные испытания и турниры, соревнуясь с другими командами республики, по подготовке к военной и медицинской помощи. Чтобы оказаться в финале, команды должны показать лучшие результаты в творческих, спортивных и интеллектуальных испытаниях.

Ученик 10 «А» класса Умаров Магомед отметил, что участие в военно-патриотических играх вызвало в нем очень большой интерес в данном направлении, и теперь он хочет выбрать профессию, которая позволит служить Родине.

В рамках игры за добросовестное отношение и значительный личный вклад, а также качественную подготовку к военно-патриотической игре обучающихся МБОУ «СОШ № 42» г. Грозного была вручена благодарность сопровождающему ребят, организатору МБОУ «СОШ № 42» г. Грозного Хаджиеву А.-М.З. Абдул-Малик Зелимханович отметил, что ребята остались очень довольны поездкой и участием в играх, они как будто повзрослели за эти 3 дня и вернулись домой с полным пониманием, что такое чувство долга и чести.



Все участники Республиканской военно-патриотической игры были награждены памятными призами и грамотами.

Марина Есиева,
Мэрия города Грозного

В СПОРТИВНОМ КОМПЛЕКСЕ «ТЕРЕК» СТАНИЦЫ ШЕЛКОВСКАЯ ПРОШЛИ ФУТБОЛЬНЫЕ МАТЧИ ЮНОШЕСКИХ КОМАНД

29 ноября текущего года в спортивном комплексе «Терек» станицы Шелковская Шелковского района прошли футбольные матчи среди воспитанников футбольной секции спортивной школы № 8 по Шелковскому району. Игроки футбольных команд возрастной категории - 2008-2010 гг. р. в составе трех команд провели матчи командного зачета. Мероприятие было организовано и проведено в рамках реализации федерального проекта «Спорт – норма жизни» национального проекта «Демография».

«В эпоху пассивных развлечений (планшеты, мобильный интернет, смарт-телевизоры…), предоставленных нашим детям цивилизацией, альтернативой является спорт, привитие любви к спорту с ранних лет…

Наши воспитанники любят футбол, мечтают о ярком футбольном будущем… Даже если в жизни не сложится так, то занятия футболом принесут много пользы для физического развития и психологического становления личности мальчиков…», - отмечает директор филиала ГБУ «РЦ СШ» спортивная школа № 8 по Шелковскому району Лечи Махмудович Новрабиев.

В честной борьбе определилась лучшая команда турнира «Терек».

На втором месте была команда «Лидер», обладателями бронзовых наград стали игроки команды «Легион».

Награждение команд прошло в торжественной обстановке согласно Положению с поздравлениями и пожеланиями дальнейших успехов!

Зулихан Алдамова,
Министерство Чеченской Республики по физической культуре, спорту и молодежной политике

ОБЪЯВЛЕНИЕ

О ПРИЕМЕ ДОКУМЕНТОВ ДЛЯ УЧАСТИЯ В КОНКУРСЕ НА ЗАМЕЩЕНИЕ ВАКАНТНОЙ ДОЛЖНОСТИ МУНИЦИПАЛЬНОЙ СЛУЖБЫ В АДМИНИСТРАЦИИ ХАРЬКОВСКОГО СЕЛЬСКОГО ПОСЕЛЕНИЯ ШЕЛКОВСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА

Администрация Харьковского сельского поселения Шелковского муниципального района Чеченской Республики объявляет конкурс на замещение вакантной должности муниципальной службы:

1. Главного специалиста (финансовая деятельность) администрации Харьковского сельского поселения Шелковского муниципального района.

1. Требования, предъявляемые к кандидатам:

Право поступления на муниципальную службу в Чеченской Республике имеют граждане, достигшие возраста 18 лет, владеющие государственным языком Российской Федерации и отвечающие квалификационным требованиям, установленным Законом Чеченской республики от 26 июня 2007 г. № 36-РЗ «О муниципальной службе в Чеченской Республике» (далее – Закон ЧР от 26.06.2007г. № 36-РЗ) для замещения должностей муниципальной службы при отсутствии обстоятельств, указанных в статье 13 Закона ЧР от 26.06.2007г. № 36-РЗ в качестве ограничений, связанных с муниципальной службой.

1. Для замещения должности главного специалиста (финансовая деятельность) администрации Харьковского сельского поселения Шелковского муниципального района требуется профессиональное образование без предъявления требований к стажу.

2. Общие квалификационные требования к профессиональным знаниям:

1. Для замещения должности муниципальной службы требуется соответствие квалификационным требованиям к уровню профессионального образования, стажу муниципальной службы или стажу работы по специальности, направлению подготовки, знаниям и умениям, которые необходимы для исполнения должностных обязанностей, а также при наличии соответствующего решения представителя нанимателя (работодателя) к специальности, направлению подготовки.

2. Квалификационные требования к уровню профессионального образования, стажу муниципальной службы или стажу работы по специальности, направлению подготовки, необходимым для замещения должностей муниципальной службы, устанавливаются муниципальными правовыми актами на основе типовых квалификационных требований к замещению должностей муниципальной службы, которые определяются Законом ЧР от 26.06.2007г. № 36-РЗ в соответствии с классификацией должностей муниципальной службы. Квалификационные требования к знаниям и умениям, которые необходимы для исполнения должностных обязанностей, устанавливаются в зависимости от области и вида профессиональной служебной деятельности муниципального служащего его должностной инструкцией. Должностной инструкцией муниципального служащего могут быть предусмотрены также квалификационные требования к специальности и направлению подготовки.

3. Общие квалификационные требования к профессиональным навыкам:

Знание:

1. Основ делопроизводства и документооборота;
2. Законодательства по профилю деятельности;
3. Навыков, связанных со спецификой исполняемых должностных обязанностей;
4. Владение компьютерной техникой.

Прием документов осуществляется в течение 20 дней со дня опубликования объявления (без учета выходных дней).

Прием документов ведет специалист, ответственный за кадровую работу в администрации Харьковского сельского поселения Шелковского муниципального района по адресу: Чеченская Республика, Шелковской район, с.Харьковское, ул. Советская,5, (ежедневно, кроме субботы и воскресенья, с 10:00 до 17:00 ч.), тел.: 8(928)015-58-55.

Прием документов осуществляется до 25 декабря 2023 года.

Дата и время проведения конкурса 28 декабря 2023 года, 11:00 ч.

Место и порядок проведения конкурса: Чеченская Республика, Шелковской район, с.Харьковское, ул. Советская, д. 5.

Конкурс заключается в оценке профессионального уровня кандидатов, их соответствия квалификационным требованиям к этой должности.

Для оценки профессиональных и личностных качеств кандидатов конкурсная комиссия при проведении второго этапа конкурса будет применять одну конкурсную процедуру – индивидуальное собеседование.

Перечень документов, необходимых для участия в конкурсе:

1) Заявление с просьбой о допуске к участию в конкурсе на замещение вакантной должности муниципальной службы (образец бланка размещен на сайте администрации Харьковского сельского поселения Шелковского муниципального района);

2) собственноручно заполненная и подписанная анкета по форме, установленной уполномоченным Правительством Российской Федерации федеральным органом исполнительной власти (от 26.05.2005 № 667-р);

3) паспорт;

4) трудовая книжка и (или) сведения о трудовой деятельности, оформленные в установленном законодательством порядке, за исключением случаев, когда трудовой договор (контракт) заключается впервые;

5) документ об образовании;

6) документ, подтверждающий регистрацию в системе индивидуального (персонифицированного) учета, за исключением случаев, когда иное предусмотрено федеральным законом (СНИЛС);

7) свидетельство о постановке физического лица на учет в налоговом органе по месту жительства на территории Российской Федерации (ИНН);

8) документы воинского учета – для граждан, пребывающих в запасе и лиц, подлежащих призыву на военную службу;

9) заключение медицинской организации об отсутствии заболевания, препятствующего поступлению на муниципальную службу;

10) сведения о доходах за год, предшествующий году поступления на муниципальную службу, об имуществе и обязательствах имущественного характера;

11) сведения, предусмотренные статьей 15.1 Федерального Закона от 02.03.2007 г. № 25-ФЗ «О муниципальной службе в Российской Федерации» (образец бланка размещен на сайте администрации Харьковского сельского поселения Шелковского муниципального района).

С копиями документов одновременно предоставляются оригиналы документов для их проверки и заверения специалистом, ответственным за кадровую работу в администрации Харьковского сельского поселения Шелковского муниципального района.

Несвоевременное представление документов, представление их в неполном объеме без уважительной причины или с нарушением правил оформления являются основанием для отказа гражданину в их приеме.

С.М. Музуев,
глава администрации Харьковского сельского поселения

ОТДЕЛЕНИЕ СФР ПО ЧР ИНФОРМИРУЕТ

В ЭТОМ ГОДУ ОСФР ПО ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКЕ ОПЛАТИЛО УСЛУГИ ПО РОДОВЫМ СЕРТИФИКАТАМ ДЛЯ БОЛЕЕ 25 ТЫСЯЧ ЖЕНЩИН И 25 ТЫСЯЧ НОВОРОЖДЕННЫХ

В Чеченской Республике более 24 806 женщин и 24 701 малыша получили услуги по родовым сертификатам в 2023 году. На эти цели региональное ОСФР перечислило медицинским организациям 244 785 000 рублей. Деньги были направлены на оплату услуг, предоставленных в связи с беременностью, рождением ребенка и проведением профилактических медицинских осмотров в течение первого года его жизни.

Электронный родовой сертификат – это документ, который предоставляет беременной женщине право выбирать медучреждение, в котором она будет наблюдаться до и после беременности, а также рожать.

Родовой сертификат формируется в электронном виде при первом посещении женской консультации по месту жительства либо в роддоме. Если этого не произошло, его сформирует роддом. Сертификат также может быть открыт и детской поликлиникой, где будут проводиться профилактические осмотры ребенка.

Сертификат состоит из трех талонов, по которым Социальный фонд оплачивает медицинские услуги. Все необходимые сведения для оплаты оказанных матери и ребенку медицинских услуг Отделение СФР по Чеченской Республике получает автоматически. Оплате подлежат услуги только в рамках обязательного медицинского страхования.

Сертификат состоит из трех талонов. Каждый талон заполняется при обращении в медицинское учреждение, выбранное женщиной. Эти данные потом автоматически направляются в Социальный фонд России для оплаты оказанных услуг.

Электронный родовой сертификат – это документ, который предоставляет беременной женщине право выбирать медучреждение, в котором она будет наблюдаться до и после беременности, а также рожать.

Родовой сертификат формируется в электронном виде при первом посещении женской консультации по месту жительства либо в роддоме.

Если этого не произошло, его сформирует роддом. Сертификат также может быть открыт и детской поликлиникой, где будут проводиться профилактические осмотры ребенка.

Сертификат состоит из трех талонов, по которым Социальный фонд оплачивает медицинские услуги.

Все необходимые сведения для оплаты оказанных матери и ребенку медицинских услуг Отделение СФР по Чеченской Республике получает автоматически. Оплате подлежат услуги только в рамках обязательного медицинского страхования.

Сертификат состоит из трех талонов, по которым Социальный фонд оплачивает медицинские услуги. Все необходимые сведения для оплаты оказанных матери и ребенку медицинских услуг Отделение СФР по Чеченской Республике получает автоматически. Оплате подлежат услуги только в рамках обязательного медицинского страхования.



Р.Р. Джамалдаева,
главный специалист-эксперт

Учредитель:
Администрация Шелковского муниципального района Чеченской Республики
Адрес учредителя:
366108, ЧР, Шелковской р-н, ст. Шелковская, ул. Советская, д. 37

Адрес редакции/издателя:
366100, Чеченская Республика, Шелковской р-н, ст-ца Шелковская, ул. Патризанская, д 33.
Главный редактор
М.А. Махтамерзаева
моб. тел.: 8(963) 595-78-08
раб. тел.: 8(87136) 2-26-61
e-mail: terskaya-nov@mail.ru
www.terskaya-nov.ru

Газета зарегистрирована:
Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике

Свидетельство о регистрации:
ПИ № ТУ 20-00042 от 10.11.2009 г.
Газета сверстана на компьютерной базе РА «Успех»
Адрес: 364000, Чеченская Республика, г. Грозный, ул. им. Шейха Али Митаева, 34

Ответственность за содержание и достоверность сведений в газетных материалах несут авторы. Их точка зрения может не совпадать с позицией газеты. Ответственность за достоверность информации, содержащейся в рекламных материалах, согласно Закона «О рекламе» (ст. 38) несут рекламодатели.

Отпечатана:
АО «ИПК «Грозненский рабочий», 364021, ЧР, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35

Подписано в печать:
по графику: 4.12.2023 г., 9:00 ч.
фактически: 4.12.2023 г., 9:00 ч.
Тираж: 550 экз. Заказ: №